

Radyoterapi pou Kansè

Radiation Therapy for Cancer – Haitian Creole

Radyoterapi itilize reyon oswa on enèji puisan pou trete sèten kalite kansè at lòt pwoblèm kansè lakòz. Se pa tout moun ki gen kansè ki pral resevwa radyoterapi.



Kijan radyoterapi travay?

Radyasyon an domaje selil kansè yo yon fason pou yo pa kapab grandi epi kreye plis selil kansè.

Anjeneral, doktè a itilize yon machin espesyal pou voye gwo dòz radyasyon nan zòn ki gen selil kansè yo oswa timè yo. Sa rele “radyoterapi avèk reyon deyò.”


Pou sèten kalite kansè, doktè a mete yon sous radyo-aktif andedan kò a toupre timè a. Sa rele “radyasyon entèn “ oswa “kiriterapi.” Pou lòt kalite kansè yo, doktè itilize medikaman radyo-aktif. Doktè kapab bay li nan bouch oswa li kapab mete medikaman nan yon venn pasyan an.

Radyasyon kapab se sèl tretman doktè bay pou yon kansè. Oswa, pafwa doktè kapab bay li avèk lòt tretman tankou operasyon, kimyoterapi terapi òmòn, terapi sible oswa imino-terapi.



Ki kote moun ale pou yo resevwa radyoterapi?

Anjeneral doktè bay radyasyon nan yon klinik pasyan deyò oswa nan yon sant tretman. Anvan ou kòmanse tretman an, w ap rankontre avèk doktè ak ekip radyoterapi ou. Y ap idantifye kote egzat ki dwe trete a epi kalite ak dòz Radyasyon ki nesesè pou trete kansè ou. Pou kèk tretman avèk radyasyon, yon moun ta ka bezwen rete nan lopital pou youn oswa plis nwit.



Konbyen fwa doktè bay tretman an epi konbyen tan l ap dire?

Plan pou tretman avèk radyasyon an depanne kalite kansè a, si li simaye nan lòt pati kò a, ak lòt pwoblèm sante moun nan ta ka genyen.

Tretman chak moun ak kantite l ap dire p ap memm. Pa egzanp, yon moun k ap resevwa radyoterapi avèk reyon ta ka resevwa tretman an 5 fwa pa semèn pou yon sèten kantite semèn. Anjeneral tretman an ap pran sèlman kèk minit chak fwa doktè a bay li. Men, yon moun k ap resevwa kiriterapi ta ka jwenn yon sèl tretman oswa moun nan ta ka jwenn yon ti kantite tretman sou yon peryòd tan.



Fason pou Pare ou pou radyoterapi

Si radyasyon se pati nan tretman ou, pale avèk ekip pwofesyonèl swen sante ou konsènan sa pou espere. Sa ap ede ou planifie pou chanjman nan orè travay ou oswa fanmi ou si li nesesè.



Efè segondè radyoterapi

Radyoterapi ap domaje kèk selil nòmal ki an sante, sa ki kapab lakòz efè segondè. Efè segondè moun yo ka genyen depannde kalite zòn kò yo kote yo resevwa tretman an. Akòz sa, tout moun k ap resevwa radyasyon an p ap gen menm efè segondè.

Ta ka gen kèk efè segondè pandan oswa touswit apre ou resevwa kimyo, alòske lòt pasyan ta ka gen efè segondè yo apre kèk jou, semèn, mwa, oswa ane apre tretman an.

Kèk efè segondè ap vini avèk:

- Sansasyon feblès oswa fatig(fatig)
- Chanjman po nan oswa toutotou zòn ki trete a
- Cheve k ap tonbe nan oswa toutotou zòn ki trete a
- Fèb kantite global san
- Lòt pwoblèm selon pati kò a ki nan zòn tretman an.

**Pou jwenn enfòmasyon sou kansè,
èd jou-apre-jou ak sipò, rele
American Cancer Society nan nimewo
1-800-227-2345 oswa ale sou sitwèb
nou nan **cancer.org/radiation**.**

Nou la lè ou bezwen nou.



Kesyon pou poze

Men kèk kesyon ou kapab poze doktè ou ak ekip swen sante ou:

- Ki kalite radyasyon mwen pral resevwa?
- Konbyen fwa mwen pral resevwa tretman an?
- Ki kantite tan tretman mwen pral dire?
- Ki kote mwen prale pou resevwa tretman mwen?
- Èske mwen kapab kondi oto pou mwen vini nan tretman an?
- Èske mwen pral bezwen lòt kalite tretman?
- Ki efè segondè mwen kapab genyen?
- Kijan mwen pral kontwole efè segondè mwen yo epi kisa mwen kapab fè konsènan yo?
- Èske mwen pral gen efè segondè pou anpil tan oswa pita?
- Èske mwen kapab kontinye pran lòt medikaman oswa sipleman mwen yo pandan tretman an?
- Èske asirans mwen pral peye pou radyoterapi a? Ki kantite lajan mwen pral gen pou peye?
- Èske m ap kapab travay ale lekòl, oswa pran swen fanmi mwen pandan tretman an?
- Kisa mwen kapab fè pou pran swen tèt mwen pandan tretman an?
- Èske gen nenpòt bagay espesyal mwen bezwen fè pou pwoteje tèt mwen ak lòt moun pandan m ap resevwa tretman an?
- Kilè mwen ta dwe rele doktè a oswa enfimyè a?

